




Home Link - Haitian Creole



(Lyen ak Lakay) Inite 5: Lonbraj ak Reflè: Semèn 4

Chè Fanmi: Nan inite sa a pitit ou pral aprann sou lonbraj ak reflè. Eseye omwen twa nan aktivite amizan sa yo, oswa fè tout! Sa ki pi enpòtan an se jwi tan an avèk pitit ou pandan n ap aprann konnen ki sa k ap fèt nan sal klas la. Tanpri, kolorye kare aktivite sila yo nou chwazi yo epi remèt fòm sa a bay lekòl la lendi pwochen. **AMIZE N!**

Non timoun nan: _____

<p style="text-align: center;"><u>Langaj</u></p> <p>Kreye kèk Etikèt pou Koleksyon w lan: (Anrapò ak <i>The Puddle Pail</i>)</p> <p>Pale avèk pitit ou an sou koleksyon n fè ansanm nan epi envite l pou l kreye kèk etikèt pou li.</p>	<p style="text-align: center;"><u>Alfabetizasyon</u></p> <p>Resita Ansanm: Sa a se yon powèm pitit ou an te aprann lekòl la.</p> <p style="text-align: center;">My Shadow</p> <p>I have a little shadow that goes in and out with me, And what can be the use of him is more than I can see. He is very, very like me from the heels up to the head; And I see him jump before me, when I jump into my bed. The funniest thing about him is the way he likes to grow. Not at all like proper children, which is always very slow; For he sometimes shoots up taller like an India-rubber ball. And he sometimes gets so little that there's none of him at all.</p>
<p style="text-align: center;"><u>Pale epi Li</u> (20 minit)</p> <p>Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Sou ki sa w panse liv sa a pral pale? ● Ki pati w pi renmen nan istwa a? ● Ki premye bagay ki pase nan istwa a? ● Ki sa w panse ki ka rive aprè? ● Ki pèsonaj ou pi renmen? 	<p style="text-align: center;"><u>Matematik</u></p> <p>Ajoute Kèk Goute Ansanm: (Anrapò ak "Dinosaur Shop", yon jwèt pitit ou an dwe abitye avè l)</p> <p>Lese pitit ou an pran de (2) ponyen gouste, tankou rezen oswa brètsèl. Fè pitit ou an konte kantite atik yo l genyen nan chak men epi ajoute kantite yo ansanm pou l konnen konbyen moso li genyen antou. Fè sa plizyè fwa.</p> <p>Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Se konbyen k genyen antou? ● Se kòman w te jwenn repons sa a?

Dekouvèt

Fè yon Koleksyon: (Anrapò ak *The Puddle Pail*)

Pale avèk pitit ou sou sa li ta renmen kolekte (wòch, boutèy, bouchon, fachin bwa, bann elastik, et setera). Chèche yon resipyan epi kòmanse rasanble kèk objè pou koleksyon an.

Kesyon pou Kòmanse Konvèsasyon:

- Ki kalite bagay ou ta renmen kolekte?
- Se konbyen k genyen?
- Ki sa koleksyon w lan revele sou ou menm ak sou bagay ou bay enpòtans yo?

Pami mo Nou Kapab Itilize nan Konvèsasyon an: *koleksyon, rasanble, gwoup, triye*

Rejis Lekti Yo

Make chak jou ou menm ak pitit ou li yon istwa ansanm. Liv yo kapab ann anglè oswa nan lang natif-natal nou. Vizite bibliyotèk piblik ou a pou gwo liv sou lonbraj ak refleksyon.

Lendi ____ Madi ____ Mèkredi ____ Jedi ____ Vandredi ____ Samdi ____ Dimanch ____

Liv n ape li lekòl la:

The Puddle Pail ekriven: Elisa Kleven

Lòt liv ou menm ak pitit ou an kapab jwi ansanm:

Shadows and Reflections ekriven: Tana Hobin

Kèk Konsèy Pou lè n Ap li Ansanm:

- Chita ansanm nan yon plas trankil epitou ki konfòtab.
- Pandan n ap li, souliye epi defini kèk nouvo vokabilè. Pa egzanp, “Yon **koleksyon** se yon gwoup bagay ki similè nan kèk fason moun rasanble yo ansanm epi sere yo/pwoteje yo.”
- Pandanke n ap li, poze pitit ou kesyon ki gen pou wè ak liv la. Pa egzanp, “Ki kalite koleksyon Ernst te fè?”